

**Pwogram Èd Nitrisyon Sipleman (Supplemental Nutrition Assistance Program, SNAP)
Kesyon Moun Poze Souvan (Frequently Asked Questions, FAQ)
Ajou apati 18 Janvyè 2019**

Kilè m Ap resevwa avantaj mwen yo pou mwa janvyè a? Avantaj ou yo pou mwa janvyè a pral disponib nan dat ki pwograme regilyèman chak mwa. Avantaj sa yo pa chanje akòz fèmti gouvènman an epi ou pral resevwa yo nan jou nòmal ou.

Kilè m ap resevwa avantaj mwen yo pou mwa fevriye a? Avantaj mwa fevriye pou pifò moun yo pral disponib nan dat 20 janvyè. Avantaj sa yo se pòsyon mwa fevriye ou epitou w ap bezwen ajiste ou poutèt sa akòz distribisyon avantaj yo ki fèt bonè.

Kisa k ap pase si yo apwouve aplikasyon mwen oswa revizyon kalifikasyon mwen nan dat 16 janvyè oswa apre dat sa a? N ap travay sou aplikasyon ou epi avantaj yo pou mwa janvyè a ap disponib nan jou apre a. Avantaj ou yo pou mwa fevriye a pral disponib nan dat ki pwograme regilyèman chak mwa.

Kilè m ap resevwa avantaj mwen yo pou mwa mas la? Sizoka èd manje (SNAP) mwa mas afekte akòz fèmti yon pati nan gouvènman an, DCF ap fè kliyan yo konnen sa imedyatman nan medya sosyal afich, sitwèb ak lòt mwayen kominikasyon.

Èske avantaj ki sou kat EBT mwen kounye a ap toujou disponib apre dat 31 janvyè? Wi, avantaj ki depoze deja sou kat EBT ou ap toujou disponib. Kliyan yo ta dwe fè bidjè yo anvan distribisyon avantaj yo pou mwa fevriye a poutèt sa pandan tout mwa a.

Ki boutik detayan ki pral disponib pou aksepte kat EBT mwen? Boutik detayan EBT otorize yo ap disponib pou aksepte avantaj EBT pou manje. Gen yon lis boutik detayan pou kounye a ki aksepte EBT nan eta Florida. W ap jwenn lis la sou sitwèb ki endike anba la a:
<https://www.fns.usda.gov/snap/retailerlocator>.

Èske kliyan Èd Lajan Kach (Cash Assistance) pou yon ti Tan ak kliyan Medicaid yo pral afekte? Yo finanse Pwogram Medicaid jiska ane 2019 poutèt sa fèmti gouvènman an pa gen konsekans sou kliyan Medicaid yo. Avantaj Èd Lajan Kach pou yon ti Tan ap disponib omwen jiska mwa fevriye.

Ki kote mwen kapab bale si mwen bezwen manje touswit? Si ou gen difikilte pou satisfè bezwen manje pou moun k ap viv lakay ou, tanpri kontakte patnè Kominote ak bank alimantè ki nan zòn ou pou konnen kijan ou kapab resevwa èd yo. Pou jwenn plis enfòmasyon sou adrès bank alimantè rejyonal ou yo, ale sou sitwèb <https://www.feedingflorida.org/taking-action/find-food-now/> epi chèche sant distribisyon manje ki pi pre ou.